



Pou Piblikasyon Imedya: 11/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AKEYI EKIP PONPYE FORÈ NEW YORK LA LAKAY KI SÒTI NAN MONTAY ROCKY

Pilòt Dwòn Gad Nasyonal Ayeryen yo retounen apre yo te fin ede nan dife California

Dezyèm ekip ponpye DEC a te pran direksyon Lwès pou ale ede eta yo ak dife forè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te akeyi jodi a yon ekip 10 Gad Forè, anplwaye ak volontè Depatman Pwoteksyon Anviwònman Eta New York la (New York State Department of Environmental Conservation, DEC) ki te ede konbat epi metrize dife forè ki te fè raj nan eta nan zòn lwès yo pandan de semèn pase yo. Ponpye antrene, ekspè sa yo te ede konbat dife ki gen priyorite yo nan Nebraska ak South Dakota.

Gouvènè Cuomo te akeyi tou de manm Gad Nasyonal Ayeryen New York la ki te bay sipò nan misyon avèk avyon ki telepilote pou detekte liy dife ak ede nan mezi pou kontwole dife pandan yo te ede 163yèm Branch Atak Gad Nasyonal Ayeryen California a nan March Air Reserve Base nan Riverside, California.

Yon dezyèm ekip DEC pral vwayaje nan Sant Kowòdinasyon Zòn Montay Rocky nan Denver, CO nan dat 12 septanm pou ede eta lwès yo lite kont dife forè yo.

"Nouyòkè brav sa yo te vwayaje nan lwès san ezitasyon pou ede lite kont dife forè istorik sa yo ki te boule plizyè milye ekta tè, te boule plizyè santèn milye kay, epi te fòse evakyasyon masif nan 13 eta yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouyòkè yo djanm epi toujou pare pou kase manch yo, swa pou nou sipòte lòt eta yo an repons ak COVID-19 oswa pou ede konbat dife forè. Mwen fyè pou akeyi ekip la lakay ak ofri sipò mwen ak bon swè pou nouvo ekip ponpye forè ki prale nan lwès la."

Ekip ponpye k ap retounen an, ki te kòmanse travay yo nan dat 25 out epi te retounen nan Rejyon Kapital la jodi a, ki gen ladan yon chèf ekip Gad Forè DEC ak nèf ponpye ki nan ran Gad Forè ak lòt pwogram DEC yo.

Ekip New York la te rejwenn ajans dife federal, eta ak lokal k ap lite kont Dife Aristokrat nan Nebraska ak South Dakota, ki te rive kontwole. Nouvo ekip ponpye ki te ale nan Montay Rocky yo pral resevwa misyon yo lè yo rive. Ponpye forè sa yo pral deplwaye

pandan de semèn ak voye yo nan Colorado, Wyoming, South Dakota, Nebraska, oswa Kansas pou ede travay ponpye yo nan eta sa yo. Anplis de sa, yon Gad Forè DEC te deplwaye nan California nan 10 septanm pou ede konbat Dife nan Vale a tankou Chèf Seksyon Planifikasyon.

Ekip retou Gad Forè, anplwaye ak volontè New York yo se:

- Mike Thompson, Gad Forè, Chèf Ekip, Konte Hamilton
- James Canevari, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj DEC, Konte Onondaga
- Joshua Choquette, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj DEC, Konte Delaware
- Jon Cleveland, Forestye/Divizyon Tè ak Forè DEC, Konte Steuben
- Jenna Curcio, Gad Forè, Konte Otsego
- Aaron Graves, Forestye/Divizyon Tè ak Forè DEC, Konte St. Lawrence
- Joe Pries, Gad Forè, Konte Dutchess ak Putnam
- Scott Sabo, Gad Forè, Gad Forè, Konte Franklin
- Nate Shea, Gad Forè, Konte St. Lawrence
- Timothy Yeatts, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj DEC, Konte St. Lawrence

Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare, "Mwen aplodi ekip ekspè DEC la k ap batay kont dife forè pou kouraj ak volonte pou ede lòt eta yo fè fas ak dife forè devastatè yo. Li pa fasil pou pase pran, kite fanmi, ak vwayaje nan peyi a pou lite kont dife forè pandan yon pandemi, men Gad Forè yo, anplwaye ak volontè yo pa janm ezite bay kout men ak montre monn lan ke Nouyòkè yo djanm, sousye ak kouraje. Mwen remèsye yo pou sèvis ak swete sa ki pi bon pou nouvo ekip la ki prale nan lwès pou ede pwoteje resous natirèl ak kominote yo nan eta sè nou yo".

De manm nan Gad Nasyonal Ayeryen New York yo - Sèjan Teknik Andrew Pajak, yon operatè kaptè MQ-9 ki te asiyen nan 107yèm Branch Atak nan Niagara Falls, ak 1ye Lyetnan Nicole Clay, yon pilòt avyon MQ-9 ki te asiyen nan 174yèm Branch Atak nan Syracuse - te eksplwate misyon rekonesans MQ-9 pou zòn aterisaj pandan sovaj 214 moun atravè elikoptè nan wikenn Fèt Travay la.

MQ-9 yo bay jesyonè dife yo videyo ayeryen nan California lè yo vole a wo alitid apati itilizasyon kaptè ki kapab wè atravè lafimen yo. MQ-9 yo ki pa afekte akòz van vyolan ak gwo chalè yo, bay kòmandan ensidan an yon imaj ki pi klè sou sitiasyon an, kenbe pilòt yo lwen lokal danjere yo, ak pèmèt manm gad la ki sou sòl la pran pi bon desizyon entèvansyon.

Majò Jeneral Ray Shields, Jeneral Adjwen New York la, te deklare, "Nou toujou prepare pou bay kout men ak ekspètiz nou nenpòt lè yo rele nou pou ede yon eta ki gen bezwen, epi nou fyè de pèsonel nou an ak sa yo akonpli nan travay avèk omològ Gad Nasyonal California nou yo".

An 1979, New York te voye premye ekip ponpye li a pou al ede eta zòn lwès yo konbat gwo dife forè yo. Depi lè sa, an mwayèn, yo konn voye youn oswa de ekip, jan sa nesèsè, pou ede metrize dife forè yo chak ane. Anplis de ede yo metrize dife yo forè ak

diminye dega yo, ekip sa yo vin gen bon jan esperyans yo ka itilize pou konbat dife forè ak jere ensidan ki gen tout kalite risk nan New York.

Sèvis Forè Etazini an (U.S. Forest Service) swa peye dirèkteman, swa li ranbouse Eta New York la tout depans pèsonèl oswa vwayaj pou ekip Eta New York yo, sa ki baze sou yon akò èd mityèl ant eta yo ak ajans fonsye federal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)